# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

लौह पुरुष सरदार वल्लभभाई पटेल क एक सौ पचासवीं जयंती आजु पूरा देस में राष्ट्रीय एकता दिवस के रूप में मनावल जा रहल बा। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गुजरात के एकता नगर में आयोजित राष्ट्रीय एकता दिवस समारोह के सम्बोधित कइलें। उहां के सरदार पटेल कै राष्ट्रीय एकता से जुड़ल कोसिसन के बारे में जिकिरि कइलीं।

**आजादी के बाद साढे पांच सौ से ज्यादा रियासतों को एक साथ जोड़ने का असंभव कार्य को उन्होंने संभव कर के दिखा दिया। एक भारत, श्रेष्ठ भारत का विचार उनके लिए सर्वोपरि था। इसलिए आज सरदार पटेल की जयंती का दिन स्वाभाविक रूप से राष्ट्रीय एकता का महापर्व बन गया है।**

एहसे पहले श्री मोदी दिन क सुरूआति स्टैच्यू ऑफ यूनिटी पर पुष्पांजलि कइ के कहलें।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राष्ट्रीय एकता दिवस पर आजु लखनऊ में सरदार वल्लभ भाई पटेल के मुरती पर फूल चढ़वलें। उहां के ओइजा 'रन फॉर यूनिटी कार्यक्रम' क सुभारम्भो कइलीं। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देस क बागडोर सम्हरते भारत माता के सपूतन के सम्मान देवे बदे अभियान सुरू कइलें।

**प्रधानमंत्री मोदी जी ने दो हजार चौदह में देश की बागडोर संभालने के बाद से लेकर के लगातार भारत माता के ऐसे सपूतों को सम्मान देने के लिए जो अभियान प्रारंभ किया एकतीस अक्टूबर की तिथि पूरे देश के अंदर छह सौ अधिक स्थानों पर रन फॉर यूनिटी के नाम पर राष्ट्रीय एकता के सूत्र में बांधने वाली इस दौड़ के माध्यम भारत के युवाओं के मन में एक नई राष्ट्र भक्ति की भावना का संचार करने के उद्देश्य से यह कार्यक्रम हो रहा है।**

केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी महराजगंज में, केंद्रीय वाणिज्य, उद्योग आ सूचना प्रौद्योगिकी राज्य मंत्री जितिन प्रसाद पीलीभीत जिला में अउर प्रदेस क स्टांप आ न्यायालय पंजीयन सुल्क राज्य मंत्री रविन्द्र जायसवाल बनारस में 'रन फॉर यूनिटी' कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। प्रदेस के अउरियो जिलन में राष्ट्रीय एकता दिवस समारोह आ 'रन फॉर यूनिटी' क आयोजन कइल गइल, जेहमें केन्द्र अउर प्रदेस सरकार क मंत्री आ अउरियो जानल–मानल लोगि हिस्सा लिहलें।

**********

उप राष्ट्रपति सीपी राधाकृष्णन आजु संझा बनारस पहुंचलीं। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ओहवां उहां कै स्वागत कइलीं। बनारस में उप राष्ट्रपति सिगरा के नया सत्रम भवन के उद्घाटन समारोह में सामिल हो रहल हईं। हमरे बनारस प्रतिनिधि बतउलन की श्री काशी नट्टुकोट्टई नगर सत्रम प्रबंधन सोसाइटी साठि करोड़ रुपिया के लागति से ई दस मंजिला सत्रम भवन बनववले हो।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार बाइस सितंबर के वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी दरन में कटउती के साथे जीएसटी बचत उत्सव क सुरूआति कइले रहे। एहसे देस के सज्जो लोगिन के फायदा भइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**नया जीएसटी सुधार में सरकार ऑटोमोबाइल क्षेत्र में टेक्स कम कइके लोगिन के ढेरे राहति दिहले हौ। जीएसटी 2.0 में भारत के आपूर्ति श्रृंखला के रीढ़ मानल जाए वाले ट्रक अउर डिलीवरी वैन जइसे समान ढोवे वाले गाड़ियन पर टेक्स क दर अब 28 फीसदी से घटा के 18 फीसदी कइ दिहल गइल बा। येह कदम से सोझे तौर पर लॉजिस्टिक्स लागति में कमी आइल हौ आ निर्यात प्रतिस्पर्धा में सुधार भइल हौ। येही तरियन मोटरकार, आ मोटर बाइक के बनवले में उपयोग होखे वाला जियादेतर समानो पर जीएसटी घटा के 18 फीसदी कइ दिहल गइल बा। येह फइसिला से न त खाली निरमाता लोगिन क लागत कम भइल हौ, बलुक उपभोक्ता लोगिन बदे नया गाड़ियो ढेरे किफायती हो गइल बा। एकरे सथही 1800 सीसी तक के ट्रैक्टरन पर जवन पहिले 12 फीसदी जीएसटी लागत रहे अब 5 फीसदी कर स्लैब में सामिल हो गइल बा। आकाशवाणी समाचार दिल्ली से रोहन आ मृगनयनी पांडे के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

अजोध्या में बिहने भिन्नहियें पंचकोसी पैकरमा सुरू होई। हमरे अजोध्या प्रतिनिधि बतवलें कि ई पैकरमा दुइ नवम्बर के दुपहरिया दुइ बजि के सत्तावन मिनट ले चली। जिला प्रसासन बरखा के बिच्चे पैकरमा के तइयारियन के अन्तिम रूप दे रहल बा।

**********

चक्रवाती तूफान मोंथा के नाते पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर के सथहीं कई जिलन में अजुओ रूकि–रूकि के मद्धिम से तेज बरखा क सिलसिला जारी बा। लगतारे हो रहल बरखा से खेतन में खड़ा फसिलियो परभावित भइल हौ। हमरे बस्ती प्रतिनिधि बतवलें कि बरखा आ बेयारि से धान अउर ऊंखि क फसिलि खेत्तने में गिरि गइल हौ। एहसे किसानन क चिंता बढ़ि गइल बा। येह बिच्चे मौसम विभाग पूरबी इलाकन में बिहनहूं कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बौछार परले आ बरखा भइले क सम्भावना जतवले हौ।

**********